# QO‘G‘IRCHOQ TERAPIYASINING BOLA PSIXIKASIGA TA’SIRI

**Pirimbetova Nazira** – *dotsent*
nazirapr imbetova65@gmail.com
**Yernazarov Nurlanbek Yesnazarovich** – *assistent o‘qituvchi*
nurlanbekernazarov5@gmail.com
**Muratbayeva Gulnara** – *magistrant*
gulnaramuratbaeva2000@gmail.com
*O‘zbekiston davlat san’at va madaniyat instituti Nukus filiali*

# ВЛИЯНИЕ КУКЛОТЕРАПИИ НА ПСИХИКУ РЕБЕНКА

**Примбетова Назира** – *доцент*
**Ерназаров Нурланбек Есназарович** – *преподаватель*
**Муратбаева Гулнара** – *магистрант*
*Нукусский филиал Государственного института искусств и культуры Узбекистана*

# THE INFLUENCE OF PUPPET THERAPY ON A CHILD'S PSYCHE

**Pirimbetova Nazira** – *Associate Professor*
**Yernazarov Nurlanbek Yesnazarovich** – *Teacher*
**Muratbayeva Gulnara** – *master's student*
*Nukus branch of the State Institute of Arts and Culture of Uzbekistan*

**Tayanch so‘zlar:** bolalar psixologiyasi, qo‘g‘irchoq terapiyasi, xulq-atvor korreksiyasi, art-terapiya, emotsional holat, proyeksiya, identifikatsiya, ijtimoiy moslashuv.

**Rezyume.** Ushbu maqolada kichik yoshdagi bolalarning psixologik rivojlanishida va xulq-atvoridagi o‘zgarishlarni (qo‘rquv, tajovuzkorlik, tortinchoqlik) korreksiya qilishda qo‘g‘irchoq terapiyasining (kukloterapiya) ilmiy-amaliy ahamiyati yoritilgan. Maqolada proyeksiyalash, identifikatsiya va katarsis mexanizmlari orqali bolaning emotsional holatini barqarorlashtirish yo‘llari tahlil qilingan. Shuningdek, kattalar (pedagog va psixologlar) ishtirokida ta'lim muassasalarida art-terapiya usullaridan samarali foydalanish bo‘yicha amaliy tavsiyalar berilgan.

**Ключевые слова:** детская психология, куклотерапия, коррекция поведения, арт-терапия, эмоциональное состояние, проекция, идентификация, социальная адаптация.

**Резюме.** В данной статье рассматривается научно-практическое значение куклотерапии в психологическом развитии детей младшего возраста и коррекции поведенческих отклонений (страх, агрессия, застенчивость). В статье проанализированы пути стабилизации эмоционального состояния ребенка через механизмы проекции, идентификации и катарсиса. Также даны практические рекомендации по эффективному использованию методов арт-терапии в образовательных учреждениях при участии взрослых (педагогов и психологов).

**Key words:** child psychology, puppet therapy, behavior correction, art therapy, emotional state, projection, identification, social adaptation.

**Summary.** This article explores the scientific and practical significance of puppet therapy in the psychological development of young children and the correction of behavioral deviations (fear, aggression, shyness). The article analyzes ways to stabilize a child's emotional state through the mechanisms of projection, identification, and catharsis. Furthermore, practical recommendations for the effective use of art therapy methods in educational institutions, with the participation of adults (educators and psychologists), are provided.

**KIRISIW.** Búgingi kúnde balalar psixologiyası hám pedagogikasında kishi jastaǵı balalardıń emociyalıq-erik sferasın rawajlandırıw, olardıń jámiyetke iykemlesiwin támiyinlew eń áhmiyetli mashqalalardıń biri bolıp qalmaqta. Házirgi waqıtta balalar arasında ushırasatuǵın qorqıw, tartınshaqlıq, giperaktivlik yamasa agressivlik sıyaqlı minez-qulıqlardıń ózgeriwin qatań emes, bálki psixologiyalıq jumsaq hám tábiyiy usıllardan paydalanıw maqsetke muwapıq. Usınday nátiyjeli usıllardıń biri – art-terapiyanıń bir baǵdarı bolǵan "quwırshaq terapiyası" (куклотерапия) bolıp tabıladı.

Quwırshaq terapiyası – bul psixokorrekciyalıq tásir etiwdiń tiykarǵı quralı retinde quwırshaqtan (bala hám eresek adam – psixolog, pedagog yamasa ata-ana ortasındaǵı aralıq obyekt retinde) paydalanatuǵın jeke psixoterapiya yamasa oyın terapiyası usılı [7,14]. Ilimpazlardıń atap ótiwinshe, quwırshaqlar balalarǵa óz

mashqalaların sheshiwde hám jańa baylanıs usılların ózlestiriwde, jámiyetke biyimlesiwin hám sırtqı ortalıǵın seziwine múmkinshilik beredi. Bala ushın qımbatlı bolǵan personaj arqalı ózine jaraqat jetkeriwshi yamasa unamsız jaǵdaylardı saxnalastırıladı hám olardan shıǵıw jolları tabıladı. Quwırshaq terapiyası usılın izertlegen psixologlar I.Ya. Medvedeva hám T.L. Shishova bul usıldı "dramatikalıq psixoélevaciya" (dramatikalıq kóteriliw, ruwxıy joqarılaw) dep atadı. Olardıń izertlewlerine kóre, quwırshaq terapiyası arqalı dárilik yamasa medicinalıq qurallarsız-aq qısqa waqıt ishinde balanıń psixikasın garmoniyalastırıw, unamsız ádetlerdi tabıslı jeńip ótiw múmkin [4, 10]. Sonıń menen birge, A.Yu.Tatarincevanıń miynetlerinde quwırshaq terapiyasınıń bala sanasına tásir etiw mexanizmleri túsindirilgen. Avtordıń pikirishe, balanıń oyın waqtındaǵı quwırshaq penen múnásibeti hám personajlardıń qásiyetleri onıń ishki keshirmeleriniń nátiyjesi retinde qaralıwı kerek [7, 23]. Búgingi kúnde jas áwladtıń ruwxiy dúnyasın bayıtıw hám kámil shaxs etip tárbiyalawda teatr óneriniń ornı mámleketlik siyasat dárejesine kóterildi. Atap aytqanda, Ózbekistan Respublikası Prezidentiniń 2017-jıl 31-maydaǵı PQ-3022-sanlı qararı mádeniyat hám kórkem óner tarawın túpkilikli modernizaciyalawdıń huquqıy tiykarı boldı [1]. Bul hújjet tiykarında jaslar arasında teatr ónerin keńnen úgit-násiyatlaw, olardıń estetikalıq talǵamın qáliplestiriw hám ruwxiyatın jánede rawajlandırıw tiykarlı wazıypa retinde belgilendi. Joqarıdaǵılardan kelip shıǵıp, usı ilimiy maqalanıń tiykarǵı maqseti – quwırshaq terapiyasınıń balalar psixikasın jasalma hám unamsız tásirlersiz korrekciyalawdaǵı áhmiyetin teoriyalıq hám ámeliy jaqtan analizlew bolıp tabıladı.

**QOLLANÍLǴAN USÍLLAR**. Bul ilimiy maqalada quwırshaq terapiyasınıń balalar psixologiyasındaǵı ornın hám onıń terapevtik tásir etiw mexanizmlerin ashıp beriw maqsetinde tómendegi ilimiy-izertlew hám psixologiyalıq-pedagogikalıq metodlardan paydalanıldı:

1. Teoriyalıq-analitikalıq usıl (Ilimiy ádebiyatlardı úyreniw): Balalar psixologiyası, art-terapiya hám oyın terapiyası baǵdarındaǵı jetekshi alımlardıń (I.Ya. Medvedeva, T.L. Shishova, A.Yu. Tatarinceva, V.S. Muxina, T.D. Zinkevich, A.I. Zaxarov, A.A. Osipova) ilimiy miynetleri, teoriyalıq kózqarasları hám izertlew nátiyjeleri tereń analiz etildi hám ulıwmalastırıldı.

2. Proektivlik hám art-terapevtik usıllar: Izertlewde balanıń ishki keshirmelerin, sanasız qorqıwların hám jıynalǵan unamsız emociyaların anıqlaw hám korrekciyalaw maqsetinde quwırshaq terapiyasınıń tiykarǵı psixologiyalıq mexanizmleri – *proyekciya, identifikaciya* hám *katarsis* usılları ilimiy jaqtan tiykarlanıp berildi. Sonday-aq, quwırshaq jasaw, syujetli-rolik oyınlar hám "qosımsha qaharman" usılları ámeliy terapiya quralı retinde analizlendi.

3. Situaciyalıq analiz (Modellestiriw): Balalarda jiyi ushırasatuǵın psixologiyalıq mashqalalardı (qarańǵılıqtan yamasa jalǵızlıqtan qorqıw, agressiv minez-qulıq, baqsha yamasa mektepke barıwdan tartınıw)lardı jeńiw boyınsha anıq ámeliy jaǵdaylar (situaciyalar) modellestirildi. "Batır" hám "Qorqaq", "Ashıwlı qasqır" hám "Miyirban ayıw" sıyaqlı qarama-qarsı obrazlar arqalı psixologiyalıq korrekciya usılları kórsetip berildi.

4. Ulıwmalastırıw hám dedukciya: Alıp barılǵan ilimiy-teoriyalıq analizler hám ámeliy situaciyalıq mısallar tiykarında juwmaqlar shıǵarıldı hám teatr kórkem óneri menen bilimlendiriw (psixologiyalıq xızmet) tarmaqların integraciyalaw, sonday-aq ámeliyatshı qánigeler hám ata-analar ushın anıq ámeliy usınıslar islep shıǵıldı.

**NÁTIYJELER HÁM TALQÍLAW** Quwırshaq terapiyasınıń psixologiyalıq mexanizmleri, bala psixikasın korrekciyalaw procesinde quwırshaq terapiyası tásiriniń tiykarında bir neshe áhmiyetli psixologiyalıq mexanizmler jatadı. Bulardıń eń tiykarǵıları – proyekciya, identifikaciya hám katarsis bolıp esaplanadı. Belgili psixolog V.S. Muxinanıń atap ótiwinshe, bala oyın procesinde quwırshaq penen identifikaciyalasadı (ózin usı obrazǵa teńlestiredi), quwırshaqlardı ózinen bólek, ǵárezsiz obyekt retinde de qabıllaydı [5, 120]. Bul ózgeshelik balaǵa ishki qorqıwların hám unamsız emociyaların quwırshaqqa "júklewge" (proyekciyalawǵa) imkaniyat beredi.

Bala mashqaladan alıslap, oǵan sırttan qaraw arqalı ruwxıy jeńillikke erisedi yamasa psixoanalitik termin menen aytqanda katarsis jaǵdayın ózinen ótkeredi. Quwırshaqlar menen islesiwdiń tiykarǵı ámeliy usıllarında, ámeliy psixologiya hám pedagogikada quwırshaq terapiyasınıń bir neshe tiykarǵı usıllarınan keń túrde paydalanıladı:

1. Quwırshaq jasaw procesiniń ózi: Balanıń óz qolları menen quwırshaq (qaǵazdan, shúberekten yamasa plastilinnen) jasawı kózge kórinbeytuǵın terapevtikalıq tásirge iye. Bul process arqalı barmaq motorikası rawajlanıwı menen birge, psixikadaǵı jıynalıp qalǵan tınıshsızlıq hám ishki pátler (nápryajenie) sırtqa shıǵadı.

2. Saxnalastırıw hám syujetli-rolik oyınlar: Belgili bir mashqalanı yamasa qorqıwdı ańlatıwshı syujetli oyın oynaw. T.D. Zinkevich hám Evstigneevanıń ertek terapiyası tiykarlarında dálileniwinshe, quwırshaqlar járdeminde saxnalastırılǵan ertekler arqalı balalar konfliktli jaǵdaylardı sheshiwdiń konstruktiv usılların qáwipsiz ortalıqta úyrenedi hám ámeliyatta sınaqtan ótkeredi [3, 85].

3. Múyesh yamasa qosımsha qaharman usılı: Agressivlik yamasa giperaktivlikke beyim balalar ushın "agressiv" (mısalı, qasqır yamasa aydarha) hám unamlı obrazdaǵı quwırshaqlardı qarama-qarsı qoyıw arqalı waqıya dóretedi. Bala waqıya dawamında qaharmanlardıń ornın almastırıp, qáhár hám agressiyanı basqarıwdı, qorǵawshı rolin ózinde seziniwdi úyrenedi hám ózine bolǵan bahası artadı.

Terapiya procesinde bala hám eresek adamnıń múnásibeti Quwırshaq terapiyasınıń nátiyjeli bolıwı ushın process qatnasıwshılarınıń ortasındaǵı múnásibet ayrıqsha áhmiyetke iye. Bul orında quwırshaq bala hám eresek adam (psixolog, pedagog yamasa ata-ana) ortasındaǵı "kópir" wazıypasın atqaradı. Eresek adam tuwrıdan-tuwrı qadaǵalawshı yamasa basqarıwshı emes, bálki teń huquqlı oyın qatnasıwshısı sıpatında proceske kiredi. Bala ushın qıyın bolǵan sorawlardı yamasa kórsetpelerdi eresek adam ózi emes, bálki quwırshaq atınan beredi. Bul bolsa balanıń qarsılıq kórsetiw mexanizmlerin aylanıp ótiwge hám isenimli múnásibet ornatıwǵa tolıq sharayat jaratadı.

Quwırshaq terapiyasın qollanıw boyınsha ámeliy mısallar hám jaǵdaylar. Quwırshaq terapiyasınıń ámeliy áhmiyetin hám balalar psixikasına tásir etiw mexanizmlerin tereńrek túsiniw ushın anıq situaciyalıq mısallarǵa múrájat etiw maqsetke muwapıq. Psixologiyalıq ámeliyatta usı metod arqalı bir qatar mashqalalar tabıslı sheshiledi:

1. Balalardaǵı qorqıw hám úrey (trevoga) jaǵdayların jeńiw. Mısalı, bala qarańǵılıqtan yamasa jalǵız qalıwdan qorqıw sezimin basınan keshirip atırǵan jaǵdaydı alayıq. Psixolog yamasa eresek adam qatnasıwında “Batır” hám “Qorqaq” quwırshaq obrazları jaratıladı. Bala dáslep “Qorqaq” quwırshaqtıń atınan sóylep, onıń ishki qorqıwların qorıqpastan bayan etedi. Sońınan “Batır” quwırshaq oǵan járdemge keledi hám qorqıwdı qalay jeńiw múmkinligin úyretedi. A.I. Zaxarovtıń izertlewlerinde kórsetiwinshe, qorqıwdı usılayınsha obyektivlestiriw (sırttan baqlaw hám deneden sırtqa shıǵarıw) balanıń emociyalıq jaǵdayın tez arada turaqlılastıradı hám nevrozdıń aldı alınadı [2, 112].

2. Agressiv minez-qulıqtı korrekciyalaw. Eger balada basqalarga zıyan jetkiziwge, ashıwshaq yamasa qarsılıq kórsetiwge beyimlilik gúzetilse quwırshaq terapiyası agressiyanı unamlı baǵdarǵa burıwǵa járdem beredi. Ámeliyatta “Ashıwlı qasqır” hám “Miyirban aýıw” quwırshaqlarınan paydalanıw keń tarqalǵan. Bala agressiv qasqırdıń rolin oynaydı, al eresek adam aýıwdıń rolin atqarıp, onı menen tınısh, turaqlı hám doslıq múnásibetti ornatıwǵa háreket etedi. A.A. Osipova óz miynetlerinde atap ótiwinshe, bunday syujetler balanıń ishki destruktiv (qıyratıwshı) energiyasın sociallıq jaqtan qabıl etiletuǵın formaǵa ótiwine imkaniyat jaratadı hám qaharın basqarıwdı úyretedi [6, 215].

3. Sociallıq iykemlesiw hám tartınshaqlıqtı jeńiw. Baqshaǵa yamasa mektepke barıwdı qálemeytuǵın, jańa toparǵa qosılıwda qıynalatuǵın yamasa óz pikirin aytıwdan tartınatuǵın balalar ushın syujetli-rollik quwırshaq oyınları oǵada paydalı. Quwırshaqlar járdeminde "Mekteptegi birinshi kún" yamasa "Jańa doslar tabıw" degen waqıyalar saxnalastırıladı. Bala ózi usı waqıyanı quwırshaq arqalı basqarıp, konfliktli yamasa tınıshsızlandırıwshı jaǵdaylardıń unamlı juwmaqlanıwın támiyinleydi. Bala quwırshaq arqalı unamlı tájiriybeni basınan keshirgennen soń, onıń ózine isenimi artadı hám anıq turmısta, real adamlar ortasında da usı jaǵdayǵa psixologiyalıq jaqtan tayar boladı. Bul mısallar sonı kórsetedi, quwırshaq terapiyası arqalı balanıń psixologiyalıq máseleleri tikkeley emes, bálki qawsipsiz hám unamlı ortalıqta sheshiledi. Quwırshaq bala ushın tek ǵana oyınshıq emes, bálki onıń ishki dúnyasınıń sáwlesi hám emociyalıq turaqlılıǵın támiyinlewshi tayanısh wazıypasın atqaradı. Alıp barılǵan ilimiy-teoriyalıq analizler hám ámeliy mısallar tiykarında sonday juwmaqqa keliw múmkin, quwırshaq terapiyası kishi jastaǵı balalardıń psixologiyalıq rawajlanıwındaǵı unamsız sezimlerdi – qorqıw, úrey, agressiya hám tartınshaqlıq jaǵdayların jumsaq hám tábiyiy usılda korrekciyalawdıń eń nátiyjeli art-terapevtik qurallarınıń biri bolıp esaplanadı. Bala hám psixolog (yamasa pedagog) ortasındaǵı isenimli múnásibetti ornatıwda quwırshaq áhmiyetli “kópir” wazıypasın atqaradı. Olar tikkeley basqarıw yamasa qatań qadaǵalaw arqalı emes, bálki erkin oyın arqalı mashqalanı sheshiwge baǵdarlanadı. Proyekciya, identifikaciya hám katarsis mexanizmleri járdeminde bala quwırshaqqa óziniń ishki keshirmelerin júkleydi, quwırshaq arqalı ishki pátlerden (nápryajenie) azat boladı hám jańa konstruktiv minez-qulıq úlgilerin qáwipsiz ortalıqta ózlestiredi. Balalar psixologiyasında

quwırshaq terapiyası usılınan keńnen hám nátiyjeli paydalanıw maqsetinde tómendegi ámeliy usınıslar beriledi: Mámleketlik teatrlar repertuarın bayıtıw: Qaraqalpaqstan Respublikası mámleketlik quwırshaq teatrı hám basqa da balalar teatrları repertuarına psixologiyalıq-terapevtik xarakterge iye bolǵan arnawlı interaktiv spektakllerdi kirgiziw. Bunda tiykarǵı itibar tek ǵana estetik zawıq alıwǵa emes, bálki balalardaǵı qorqıw, agressiya hám tartınshaqlıqtı jeńiwge, olardı tamashagóyler emes teatrdıń belsendi qatnasıwshına aylandırıwǵa qaratılıwı kerek;

Teatr hám bilimlendiriw mákemeleri integraciyasın kúsheytiw: Teatr jámáátleri hám mektep psixologları ortasında turaqlı birge islesiwdi turaqlastırıw. Teatrdıń kóshpeli (gastrol) toparları arqalı ulıwma bilim beriw mekteplerinde hám mektepke shekemgi bilimlendiriw shólkemlerinde quwırshaq terapiyası elementleri sáwlelengen kishi saxnalıq kórinislerdi turaqlı túrde shólkemlestiriw; Teatr qánigeleriniń master-klassların shólkemlestiriw: Kásiplik teatr aktyorları, rejissyorları hám quwırshaq jasawshı (butafor-usta) qánigeler tárepinen mektep muǵallimleri hám ámeliyatshı psixologlar ushın quwırshaq jasaw, onı janlandırıw hám dawıs penen islesiw boyınsha ámeliy master-klasslar hám oqıw-treninglerin ótkeriw. Bul psixologlardıń art-terapiya usılların kásiplik dárejede iyelewine úlken járdem beredi;

Teatrlar qasında art-terapiya studiyaların ashıw: Mádeniyat orayları hám kásiplik teatrlar qasında psixologiyalıq qollap-quwatlawǵa mútáj bolǵan balalar hám olardıń ata-anaları ushın mólsherlengen "Quwırshaq jasaw hám art-terapiya" dógerekleri yamasa studiyaların shólkemlestiriw. Bul oraylarda psixolog hám teatr kórkem óneri ǵayratkeri (aktyor) birgelikte islesip, balalar shaxsınıń rawajlanıwına hám sociallıq iykemlesiwine úles qosadı; Ata-analar menen túsindiriw jumısları: Ata-analar ushın balalar menen úy shárayatında quwırshaqlar járdeminde emociyalıq baylanıs ornatıw hám kishi konfliktlerdi sheshiw boyınsha psixologiyalıq másláhatlar beriw, atap aytqanda, arnawlı seminar-treningler yamasa qısqa qollanbalar (búkletler) tarqatıw.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**


1. PQ-3022-sanlı Qarar (2017-jıl 31-may): *"Madaniyat va san'at sohasini yanada rivojlantirish va takomillashtirishga doir chora-tadbirlar to'g'risida".*
2. Захаров А.И. Дневные и ночные страхи у детей. – СПб.: Речь, 2004. 6.
3. Зинкевич-Евстигнеева Т.Д. Основы сказкотерапии. – СПб.: Речь, 2005.
4. Медведева И.Я., Шишова Т.Л. Дети, куклы и мы. Руководство по куклотерапии. – Рязань: Зерна, 2022.
5. Мухина В.С. Возрастная психология: феноменология развития, детство, отрочество. – М.: Академия, 2003.
6. Осипова А.А. Общая психокоррекция. Учебное пособие. – М.: Сфера, 2002.
7. Татаринцева А.Ю. Куклотерапия в работе психолога, педагога и логопеда. – СПб.: Речь, 2006.